

# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU APRANTISAJ A DISTANS



- **Èske m toujou ka prete yon aparèy mobil?** *Silvouplè rele lekòl pitit ou a si w bezwen prete oubyen chanje yon aparèy. Yo pwolonje dat limit pou w prete oubyen chanje yon aparèy ki pap travay/kraze pou vandredi 20 mas.*
- **Konbyen èdtan nou atann pou elèv yo travay chak jou?** *Nou pa atann pou elèv travay nan devwa yo pou tout yon jounen lekòl. Nou atann pou pwofesè yo disponib pou elèv pou omwen twazèdtan chak jou, konnen volim travay yo bay elèv yo, e rasire elèv yo ka travay nan vitès pa yo.*
- **Èske elèv ap resevwa nòt pou aprantisaj a distans?** *Nou pap bay elèv nòt ofisyèl pandan faz 1 aprantisaj a distans la (16 - 20 mas, 2020), pwofesè ak elèv yo ap ajiste yo pou travay yon fason diferan. Nou rekonèt semèn sa a te yon semèn aprantisaj pou paran elèv, ak pwofesè, youn nan nou pa ta renmen penalize elèv yo akademikman pandan tout moun ap ajiste yo ak nouvo nòm alite sa a. Se pou tèt sa, pwofesè yo gen opsyon pou bay nòt devwa pou semèn 16-20 mas la sèlman si yo fè enpak pozitif sou nòt final endividyèl pandan peryòd nòt 3 a. Anplis, nou pral voye enfòmasyon konsènan pratik pou peryòd nòt 4 yo.*
- **Kijan mwen ka kominike avèk pwofesè pitit mwen?** *Meyè mwayen pou w kominike avèk pwofesè pitit ou se pa mesaj elektwonik oubyen platfòm nou bay nan Lis pou Elèv Tcheke pou Fèmte Lekòl la pandan lè biwo pwofesè yo.*
- **Èske tout pwofesè ap itilize menm platfòm oubyen pwogram sou Entènèt?** *Nou ankouraje pwofesè pou yo itilize platfòm yo menm oubyen elèv yo te konn itilize avan fèmte lekòl yo. Si pwofesè yo pa t gen yon platfòm avan, nou ankouraje yo e ba yo fòmasyon pou itilize 'Microsoft Teams.'*
- **Ki akomodasyon ki ap fèt kounye a pou elèv ki pa pale Anglè?** *Elèv ki Ap Aprann Anglè yo ap resevwa menm sèvis avèk elèv ki metrize Anglè, men yo ka itilize diferan platfòm ki gen tradiksyon otomatik.*
- **Ki akomodasyon ki ap fèt kounye a pou elèv ki gen bezwen espesyal?** *Kòm yon pati nan plan nou etabli a, Distri a adapte kontri an pou li ka aksesib pou elèv ki gen bezwen espesyal.*
- **Pou konbyen tan Liy Enfòmasyon Aprantisaj a Distans la ap aktif?** *Liy enfòmasyon an ap aktif jiska vandredi 20 mas a 4è nan aprèmidi e li ap rekòmanse apre Vakans Prentan yo. Pandan Vakans Prentan yo, silvouplè vizite [icp.dadeschools.net](http://icp.dadeschools.net) pou enfòmasyon ak resous dijital.*
- **Ki akomodasyon ki ap fèt nan egzamen SAT ak AP yo?** *Komisyon Kolèj la anile egzamen SAT ki te pwograme pou 2 me 2020 a. Yo ap bay plis opòtinite pou egzamen SAT osito sa posib. Yo ap finalize opsyon Egzamen AP yo tou. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://www.collegeboard.org/>. Elèv dènye ane lekòl segondè ki bezwen yon nòt konkòdans SAT oubyen ACT pou gradyasyon pap afekte. Yo ap bezwen satisfè tout lòt demand pou kredi kou Eta a ansanm ak "GPA" (Mwayèn Jeneral) yo pou yo resevwa yon diplòm.*
- **E pou sa ki konsène egzamen FSA yo?** *Eta a anile tout evalyasyon yo pou ane a.*
- **Èske peryòd nòt la ap pwolonje?** *Peryòd nòt 3 a pral fini 20 mas, 20202 jan li te planifye. Nou pral voye enfòmasyon konsènan peryòd nòt 4 la avan lontan.*